

#9

YOUNG & BILINGUAL ™

KREYÒL  FRANÇAIS

NIVO

3

La Petite Pétra™

PÉTRA AK LILI
VIZITE SITADÈL HENRY

PÉTRA ET LILI VISITENT LA CITADELLE HENRY



Krystel Armand Kanzki

Ilustrasyon : Oksana Vynokurova

Revizyon : MIT-Ayiti

PARAN AK PWOFESE,

Konpliman dèske nou ankouraje pitit nou pou yo konn pale plizyè lang !

Se yon desizyon ki pral bay bon ranman pandan tout lavi ti moun yo !
Rechèch montre, si yon ti moun aprann yon lang anvan li gen 6 lane, l ap pi fasil pou l rive pale lang lan kòm si li se yon natif natal. Epi, tou, ti moun ki bileng gen plis jèvrin nan kapasite yo kòm aprenan.

Objektif nou nan konpayi Young and Bilingual™, se pou nou akonpaye pitit ou ak elèv ou pou yo vin bileng byen bonè nan anfans yo. Ilistrasyon yo bèl epi, tou, yo gen anpil koulè. Chak liv gen vokabilè ladan yo, lis mo zouti ki sèvi nan liv la, ak espikasyon pou pwononsyasyon plizyè son.

Nou defini kat diferan nivo pou liv nou yo :

1 Preskolè - jaden d anfan

Lekti entèaktif, ideyal pou ti moun piti k ap dekouvri monn lan

2 Lekòl matènèl - premye ane fondamantal

Fraz ki senp, ki fèt pou ti moun ki pa ko konn li oswa k ap aprann li
(mwens pase 150 mo)

3 Jaden d anfan rive nan premye ane fondaman

Istwa ki fèt pou ti moun ki fenk aprann li pou kont yo (mwens pase 300 mo)

4 Jaden d anfan rive dezyèm ane fondamantal

Istwa ki kout e ki prezante leson lavi ak dekouvèt kiltirèl (mwens pase 600 mo)



Young and Bilingual™ ofri materyèl bileng GRATIS sou sit entènèt li a www.lapetitepetra.com pou ede pitit ou ak elèv ou vin bileng. Nou akeyi fidbak ou pou nou kontinye amelyore liv ak pwogram nou yo. Rete an kontak ak nou epi, tou, n espere tout ti moun yo ava byen pwofite !

CHERS PARENTS ET ENSEIGNANTS,

Nous vous félicitons d'encourager vos enfants et élèves à devenir bilingues et à apprendre à lire en plusieurs langues ! C'est une décision qui portera ses fruits pendant de nombreuses années ! Les recherches ont montré qu'il est plus facile pour un enfant d'apprendre une nouvelle langue et adopter un accent natif avant l'âge de 6 ans. Les recherches montrent également que les enfants bilingues ont de meilleures capacités cognitives.

L'objectif de Young and Bilingual™ est de vous accompagner ainsi que vos enfants ou élèves dans leur apprentissage des langues en étant petit. Les illustrations de chaque livre sont attrayantes, avec des couleurs vives. Chaque livre comprend des mots de vocabulaire bilingues, une liste de mots de l'histoire que les enfants doivent connaître, et le classement phonétique de quelques mots de l'histoire.

Nous avons défini quatre niveaux de développement dans nos livres :

1 préscolaire - maternelle

Lecture interactive, idéale pour les tout-petits qui découvrent le monde

2 de la maternelle au CP

Phrases simples, ouvrage idéal pour les pré-lecteurs qui commencent tout juste à apprendre à lire (moins de 150 mots)

3 de la maternelle au CP

Histoire courte, idéale pour les lecteurs autonomes débutants (moins de 300 mots)

4 de la maternelle au CE1

Petite histoire, qui comprend des leçons de vie et des découvertes culturelles (moins de 600 mots)

Young and Bilingual™ offre des ressources bilingues GRATUITES sur son site web www.lapetitepetra.com pour aider vos enfants et élèves à devenir bilingues. Faites-nous part de vos commentaires afin de nous permettre de continuer à améliorer nos ressources. N'hésitez pas à nous contacter, et surtout, bon apprentissage !



DEDIKAS

Liv sa a se pou tout ti moun tou patou. N espere y ap jwenn plis opòtinite lè yo pale plizyè lang.

REMÈSIMAN ESPESYAL

Pou pitit mwen ak fanmi mwen pou tout sipò yo ban mwen pou pwòjè sa a. Pou ekip mwen ak tout zanj ki te ede m yo. Mèsi anpil pou kontribisyon nou. Pou Oksana Vynokurova, yon moun espesyal : nou ka wè bote fanm sa a nan bèl ilistrasyon li fè pou liv nou yo.



DÉDICACE

Ce livre est dédié aux enfants à travers le monde, afin que leurs compétences bilingues leur ouvrent de nombreuses portes.

REMERCIEMENT SPÉCIAL

À mes enfants et à ma famille, pour leur soutien dans tous les aspects de ce projet. À mon équipe et à tous les anges qui m'ont été envoyés : je suis vraiment reconnaissante pour vos contributions. À Oksana Vynokurova, une belle âme, dont la beauté et le cœur sont exprimés à travers ses illustrations qui font toute la différence dans nos livres.




La Petite Pétra

PÉTRA AK LILI

VIZITE SITADÈL HENRY

Pétra et Lili
visitent la Citadelle Henry



Krystel Armand Kanzki
Ilistrasyon : Oksana Vynokurova
Revizyon : MIT-Ayiti

Revizyon : MIT-Ayiti



Platfòm MIT-Ayiti

Pou yon lekòl tèt an wo

ISBN: 978-1-949368-56-7

Premye Piblikasyon : Janvye 2021
XPONENTIAL LEARNING INC
Copyright © 2020 Krystel Armand Kanzki

Tout dwa rezève. Okenn pati nan piblikasyon sa a pa dwe repwodwi, distribye, oswa transmèt nan okenn fòm oswa pa nenpòt mwayen, (kit se fotokopi oswa anrejistreman oswa nenpòt lòt metòd elektwonik oswa mekanik) san pèmisyon alekri e ann avans nan men otè a, eksepte nan ka yon sitasyon ki kout e ke nou mete nan revyi kritik ak sèten lòt itilizasyon ki pa komèsyal e ki an ba otorizasyon lwa sou dwa otè.


Yon ete, Pétra ak Lili vizite
Sitadèl Henry ak frè yo.

Un été, Pétra et Lili visitent la
Citadelle Henry avec leurs frères.



Dani se ti frè Pétra e
Pipo se gran frè Lili.

Dani est le petit frère de Pétra
et Pipo est le grand frère de Lili.



Sitadèl Henry se yon fòtrès
ki la lontan. Li chita nan nò
peyi d Ayiti, tou pre vil Milo,
ki se yon ti vil tou pre
vil Okap.

La Citadelle Henry est une très
ancienne forteresse. Elle est située
dans la partie nord d'Haïti, près de la
ville de Milot, qui est une petite ville à
proximité du Cap-Haïtien.




Pou rive nan sitadèl la, fòk ou monte
yon gwo mòn. Pétra ak Lili pito
grenpe mòn nan sou do chwal!
Pipo ak Dani chwazi mache!



Pour arriver à la Citadelle, il faut
gravir une grande colline. Pétra
et Lili préfèrent gravir la colline à
dos de cheval ! Pipo et Dani
décident d'y aller à la marche.

Ti moun, èske nou
konnen Sitadèl Henry se
fòtrès moun pi konnen
nan Amerik la ?



Les enfants, saviez-vous que la
Citadelle Henry est l'une des
forteresses les plus célèbres de
l'Amérique ?

Vrèman ? Pipo, ki moun ki
te bati Sitadèl Henry ?


Vraiment ? Qui a bâti la
Citadelle Henry, Pipo ?



Se Wa Henry Christophe
ki te bati sitadèl la, Pétra.



C'est le rà Henry Christophe qui a
bâti la Citadelle Henry, Pétra.




Pandan vizit la, ti moun yo
dekouvri anpil gwo kanon.

Regarde comme ces
canons sont gros !

Gade ki jan kanon
sa yo gwo !

Lors de la visite, les
enfants ont découvert
de nombreux canons.



Ki lè Wa Henry Christophe
te bati sitadèl la ?




Quand le roi Henry Christophe
a-t-il bâti la Citadelle Henry ?





Sitadèl la te bati sa fè
plis pase 200 lane. Yo
te bati l apre 1804 ki
se lane lè Ayiti te vin
endepandan.

La Citadelle Henry a été bâtie il y a
plus de 200 ans, juste après
l'indépendance d'Haïti en 1804.




Èske Wa Henry Christophe te bati sitadè la pou kont li?

Le roi Henry Christophe a-t-il bâti la citadelle seul ?

Non, Lili. Wa Henry
Christophe te bati gwo
fòtrès sa a ansanm ak
plizyè milye moun !


Non, Lili. Le roi Henry Christophe
a bâti cette grande forteresse
avec des milliers d'hommes !



Il leur a fallu près de 15 ans
pour bâtir la Citadelle Henry !

Sitadèl la te pran
prèske 15 lane
pou l te bati!

15 lane / 15 ans



Pétra ak Lili dekouvri yon
pakèt bèl mòn devan yo.

Pétra et Lili découvrent de belles
montagnes à l'horizon.



Gade ki jan peyizaj la
bèl isit la! Ala bèl
peyi nou bèl!

Regarde comme la
vue est belle d'ici.
Notre pays est un
si beau pays !



Merci pour cette agréable visite, Pipo !

Mèsi pou bèl vizit sa a, Pipo!

Mèsi anpil!

Merci beaucoup !

N a wè byento!

À très bientôt !



VOKABILÈ BILENG OU VOCABULAIRE BILINGUE



frè
frère



fòtrès
forteresse




Ayiti
Haïti



chwal
cheval



gwo
gros



mòn
montagne



wa
roi



kanon
canon


1000
1000 1000
1000 ...

milye
milliers

SERI DEKOUVÈT AYITI

Nan seri sa a, Pétra ak Lili dekouvri peyi yo, Ayiti, ak kilti ayisyen ki rich anpil. W ap jwenn liv nivo 1, 2, 3 ak 4 ki adapte ak bezwen pitit ou oswa elèv ou! Fè nou konnen ki lòt pati peyi d Ayiti oswa kilti ayisyen an ou ta renmen Pétra ak Lili explore!

N ap jwenn kesyon konpreyansyon pou istwa a nan resous gratis sou sit entènèt nou!



Vous trouverez des questions de compréhension gratuites dans la section ressources de notre site Web !

SÉRIE DÉCOUVERTE D'HAÏTI

Dans cette série, Pétra et Lili découvrent leur pays, Haïti, et sa riche culture. Vous trouverez des livres de niveau 1, 2, 3 et 4 adaptés aux besoins de votre ou vos élèves ! Faites-nous savoir quelles autres parties d'Haïti ou de la culture haïtienne vous aimeriez que Pétra et Lili explorent !

Koleksyon bileng nou ofri a gen liv ann espanyol-anglè ak liv an fransè-anglè e plizyè liv ki disponib nan fòm odyo pou akonpanye ti lektè nou yo ! Vizite sit wèb nou an : www.lapetitepetra.com pou wè tout tit nan koleksyon nou an.



Notre série de livres bilingues inclut également des livres en Créole-Anglais et Espagnol-Anglais. De plus, certains de nos livres sont disponibles en format audio pour accompagner nos jeunes lecteurs dans leur apprentissage ! Visitez notre site web www.lapetitepetra.com pour voir tous nos titres !



KREYÒL

Pétra ak Lili vizite Sitadèl Henry ak frè yo. Sitadèl Henry se yon fòtrès ki la lontan ki chita nan nò peyi d Ayiti. Ti moun yo aprann yon pati enpòtan nan istwa peyi yo epi, tou, yo dekouvri yon lòt zòn nan bèl peyi yo a.

FRANÇAIS

Pétra et Lili visitent la Citadelle Henry avec leurs frères. La Citadelle Henry est une forteresse située au nord d'Haïti. Les enfants apprennent des faits importants sur l'histoire de leur pays et découvrent de nouvelles régions de leur beau pays.



Lekti entèraktif, ideyal pou ti moun piti k ap dekouvri monn lan



Fraz ki senp, ki fèt pou ti moun ki pa ko konn li ou k ap aprann li (mwens pase 150 mo)



Istwa ki fèt pou ti moun ki fenk aprann li pou kont yo (mwens pase 300 mo)



Istwa ki kout e ki prezante leson lavi ak dekouvèt kiltirèl (mwens pase 600 mo)